



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ 17.8 MILYON DOLA POU KONSTWI PAK MASPETH NAN QUEENS

*Pak la bay nouvo espas kominotè ak ekipman lwazi sou kote pon Kosciuzko a*

*Foto Pak Maspeth la disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon pwojè 17.8 milyon dola pou konstwi Pak Maspeth, premye pak ki te konstwi nan pati lwès Maspeth nan Queens. Pak la, ki fini selon kalandriye a, sitiye nan yon distans apye ak katye rezidansyèl ki alantou yo, tankou Sunnyside ak West Maspeth. Pak la gen ladann anpil avantaj pou vizitè yo jwi, tankou yon zòn lwazi ki gen ladann tab jwèt, tab piknik, yon teren baskètbòl ak ekipman egzèsis pou adilt. Yo te konstwi tou yon nouvo plas paten klas mondyal, ki fèt pou tout nivo konpetans. Plas la founi ekleraj pou espò pwofesyonèl pou evènman yo ka fèt apre l fin lannwit. Teren baskètbòl la pral sèvi tou kòm yon espas pou plizyè fonksyon avèk ekleraj lannwit ak espas pou chita. Evènman yo pral fèt pandan tout ane a epi se Depatman Pak ak Lwazi Vil New York ki pral òganize yo. Pak la te bati sou apeprè mwaye ekta tè ki pa t devlope ke eta a te itilize anvan kòm yon zòn tranzit pandan konstriksyon nouvo pon Kosciuszko a, ki te fini an 2019. Pak la sitiye tou pre pon Kosciuszko nan entèseksyon 43rd Street ak 54th Road.

"Achèvmman pwojè sa a mete aksan sou devouman nou pou amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo nan mete ajou enfrastrikti transpò nou yo epi bay ekipman pou tout moun jwi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Etap enpòtan sa a se yon lòt pa nan direksyon pou konstwi yon pi bon New York ak amelyore koneksyon ant minisipalite yo".

Konstriksyon an gen ladann nouvo twotwa sou deyò pak la ki mennen nan pis pou bisiklèt ak pyeton pon Kosciuszko a. Pis sa a konekte ak nouvo wout vèt anba pon an nan Brooklyn.

Lòt mizajou yo enkli ekleraj LED ak fontèn dlo pou bwè nan tout pak la, twalèt piblik, yon nouvo antre pou travayè antretyen yo, twotwa yo, arebò twotwa yo, ak enfrastrikti drenaj pou etablisman an. Yo te konstwi yon nouvo bilding tou pou loje operasyon distri NYCDPR la, ki gen ladan yon biwo ak yon garaj pou anplwaye antretyen ak operasyon yo. Yo te enstale yon "twati vèt", ki fèt ak plant, sou bilding lan pou amelyore kalite lè a ak efikasite enèji, kapte dlo lapli epi redwi chalè vil la.

**Komisè Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Menm jan ak renovasyon ak agrandisman Pak Sèjan William Dougherty sou bò Brooklyn Pon Kosciuszko a, eta a te kreye Pak Maspeth pou sèvi kòm yon espas kominotè ki nesèsè anpil ak zòn lwazi sou bò Queens pon an. Pak sa a mete aksan sou angajman Gouvènè Hochul pou asire ke pwojè transpò yo fèt pou amelyore kalite lavi rezidan lokal yo".

**Reprezantan Nydia Velázquez, te deklare,** "Mwen kontan anpil anons sou achèvmman Pak Maspeth la, ki pral gen yon gwo zòn lwazi, yon teren baskètbòl plizyè fonksyon, yon pak paten dènye modèl, ak anpil lòt ekipman pou moun Queens yo jwi. Investisman sa a nan espas pak bon jan kalite pral pote espas vèt ki nesèsè anpil nan Queens epi asire ke moun nan Maspeth, Sunnyside, Blissville ak katye ki alantou yo gen yon plas kote yo ka rasanble ak fanmi ak zanmi, fè egzèsis, oswa jis jwi deyò san peye anyen", Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare. "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Depatman Pak ak Lwazi Vil New York, ak tout lòt lidè minisipal yo ki te travay di pou fè vizyon Pak Maspeth la tounen yon reyalite".

**Chèf Adjwen Sena Eta, Michael Gianaris, te deklare,** "Espas lwazi sa a se yon adisyon yo t ap tann depi lontan nan katye Maspeth la, epi mwen byen kontan travay la finalman fini. Mwen te fyè dèske m te defann pwojè sa a epi mwen espere rejwenn manm kominote nou an k ap jwi espas sa a byento".

**Manm Konsèy Robert Holden te deklare,** "Kominote nou an te bezwen plis espas vèt, epi arive Pak Maspeth pa t kapab rive nan yon pi bon moman. Mèsi a gouvènè a ak tout moun ki enplike yo pou fè rev sa a vin yon reyalite!"

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)